

GOJEGAN BEBARENGAN

Ing sawijiing dina para siswa kelas VII ing SMP Argobinangun padha tongyong reng-reng ana ing kelas.

Kuncung : “Kanca-kanca, kelase dhewe ki reged. Ayo padha siklasrengreng”

Dita : “Kuwi ki apa? Aku ora dhong!”

Leni : “Eh, mbuh...aku ya ora ngerti kuwi...!”

Juni : “Ooo...aku ngerti! Kuwi karepe, ayo resesik kelas bareng-bareng.”

Kuncung : “Naah... gene kowe pinter...”

Juni : “Aja lali, pitik walik saba mejane dicepakke.”

Kanthi rasa seneng para siswa resesik kelas, sababare resesik kelas para siswa padha lutisan ana ing kelase.

Juni : Ayo padha ditokke buahe! aku nggawa pitik walik saba kebon.

Leni : Aku nggawa pelem iki, tur kayake kecut HAHAA

Kuncung : Aku nggawa sega sakkepel dirubung tinggi!

Juni : Kowe kepiye taa, apa yaa enak lutisan nganggo buah kuwi?

Kuncung : Enaaakk enak wae, dicoba sek taa! Dit kowe nggawa apa?

Dita : nyuwun pangapunten kanca-kanca aku nggawa opak angin, amarga mau aku weruh bakul tempe ditaleni ana ing pasar. Mesakke yaa!

Leni : Lhoo apa iya??? aku mau isuk menyang pasar karo ibuku ora ana apa-apa.

Kuncung : kowe kok yaa percaya taa Len! Hayoo genah yen ning pasar ki mesthi ana bakul, tempe ditaleni.

Dita, Leni, Kuncung, lan Juni : Hahahahaaaaaaaaaaaa

Juni : Coba yaa, yen sekolah kuwi prei suwi, mesthi kepenak. Ora kudu sinau, resik-resik kelas sek marai kesel!

Kuncung : Hush... ora sembrana yen omongan kuwi! Coba yen kowe prei sekolah suwi Bapakmu yaa prei le nyambut gawe apa ora mung ngguyu tuwa kowe!

Dita, Leni : BERSYUKURRRRR!!!

Juni : Hahahaha.. iya iyaa

Leni : Kanca-kanca, iki sambel e wis dadi ayoo gek dimaem! Aja lali jikngansik!
Hahahaha

Kuncung : Ayo.. ayoo.. sinambi bedheken yaa cah tembangku iki apa batangane!

Bapak pocung, dudu watu dudu gunung,
Sangkamu ing Plembang, Ngon ingone sang Bupati,
Yen lumampah si pocung lembehan grana.

Kuncung : Kuwi sek sepisan, pisan engkas yaa!

Namung tutuk, Lan netra kalih kadulu,
Yen pinet kang karya, Sinuduk netrane kalih,
Yeku sarat ira bangkit ngemah-ngemah.

Kuncung : Wisss, ayo padha batangen! Yen isih bingung goleki batangane apa, coba negesi bareng-bareng!

Mangertosi para siswa sampun pungkasan anggenipun reresik, Bu Guru maringi wara-wara yen sampun angsal wagsul. Bocah papat kuwi mau padha sorak-sorak seneng, ananging tembang saking Kuncung dereng dimangertosi batangane. Ayoo padha biyantu goleki batangane!